



Depatman Edikasyon Eta New York Modèl Fòm Plent Revize Eta a

Si yon paran, yon moun oswa yon òganizasyon kwè yon distri lekòl oswa yon ajans piblik vyole yon kondisyon Pati B Lwa sou Edikasyon Moun Andikape [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)] oswa lwa/règleman Eta a ki gen pou wè ak edikasyon elèv andikape yo, yo ka fè yon plent Eta a alekri ki siyen nan Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department (NYSED)). W ap jwenn yon dokiman siplemantè Modèl Plent Leta Eta New York (NYS) ou ka itilize pou fè yon plent. Nou rekòmande ou pou itilize fòm sa a, men ou pa gen obligasyon pou fè sa. Si w ap itilize fòm pa ou pou soumèt yon plent Eta a, ou dwe bay enfòmasyon ki obligatwa yo, jan li apwopriye, epi jan li endike nan modèl fòm nan. Lè NYSED resevwa yon plent alekri yon moun oswa yon ajans fè, NYSED dwe detèmine si vyolasyon yo sipoze ki fèt la epi yo dwe pran yon desizyon alekri sou rezilta li yo.

NYSED ankouraje paran yo ak distri lekòl yo pou yo itilize medyasyon pou rezoud plent ki konsène edikasyon yon timoun ki andikape.

Paran, Moun oswa Òganizasyon (Moun ki Fè Plent) ki Soumèt Plent Eta a

- Ou dwe fè demann pou yon fòm plent Eta a alekri.
- Moun ki fè plent lan dwe siyen yon fòm plent Eta a (nou p ap aksepte plent ki fakse oswa plent ki gen siyati elektwonik).
- Plent Eta a dwe gen ladan:
 - yon deklarasyon ki endike yon distri lekòl oswa yon ajans piblik te vyole yon kondisyon Pati B IDEA a oswa lwa/règleman Eta a ki konsène elèv andikape yo;
 - enfòmasyon deklarasyon an baze sou yo;
 - enfòmasyon pou kontakte moun ki fè plent lan;
 - si vyolasyon yo sipoze yo anrapò avèk yon timoun espesyal, gen ladan:
 - non ak adrès kay timoun nan;
 - non lekòl kote timoun nan ye a;
 - nan ka yon timoun oswa yon jenn moun ki sanzabri, enfòmasyon pou timoun nan ak non lekòl kote timoun nan ye a;
 - yon deskripsyon kalite pwoblèm timoun nan (enkyetid ki te lakòz ou te fè plent lan), tankou enfòmasyon ki konsène pwoblèm nan; epi
 - yon rezolisyon ki pwopoze pou pwoblèm nan dapre limit ou konnen epi ki disponib nan moman moun nan fè plent lan.
- Plent lan dwe sipoze yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon ane anvan dat NYSED resevwa plent lan.

- Moun ki fè plent nan dwe voye yon kopi plent lan ba distri lekòl la oswa ba lòt ajans piblik k ap sèvi elèv la nan moman moun nan fè plent lan ba NYSED.

Pwosedi pou Plent Eta a

- Distri lekòl la oswa ajans piblik la dwe bay avi pou garanti pwosedi pou paran yo lè yo resevwa premye plent Eta a nan yon ane akademik.
- Paran, moun oswa òganizasyon ki fè plent lan gen posiblite pou bay enfòmasyon siplemantè, swa aloral oswa alekri, sou sa li sipoze ki nan plent Eta a.
- Distri lekòl la oswa ajans piblik la gen posiblite pou bay repons pou plent Eta a, tankou, omwen: (a) selon desizyon distri lekòl la oswa ajans piblik la, yon pwopozisyon pou rezoud plent lan epi (b) yon posiblite pou distri lekòl la oswa ajans piblik la ak paran ki te fè plent lan pou angaje nan medyasyon avèk volonte yo.
- Nan 60 jou almannak apre yon plent fèt (resevwa), NYSED ap bay yon desizyon alekri pou moun ki fè plent lan ki rezoud chak akizasyon ki nan plent lan epi ki gen rezilta sou enfòmasyon ak konklizyon ak rezon pou desizyon final la. NYSED pa gen ladan, si li nesesè, pwosedi pou aplike desizyon final li avèk efikasite, tankou èd teknik, negosyasyon ak mezi korektif pou vin gen konfòmite.
- NYSED kapab bay yon pwolongasyon limit tan 60 jou almannak sèlman si gen sikonstans eksepsyonèl anrapò ak yon plent Eta patikilye oswa paran an, moun nan oswa òganizasyon an ak distri lekòl la oswa lòt ajans piblik ki konsène dakò avèk volonte yo pou pwolonje tan pou rezoud zafè a nan medyasyon.
- NYSED gen obligasyon pou mete plent lan sou kote oswa nenpòt pati nan plent Eta a yo abòde nan yon odyans pwosedi jis jouk nan konklizyon odyans lan. Yo dwe mennen ankèt epi rezoud nenpòt pwoblèm nan plent lan ki pa fè pati nan yon odyans pwosedi jis. Si yo te pran desizyon sou yon pwoblèm yo endike nan plent Eta a nan yon odyans pwosedi jis ki konsène menm moun ki konsène yo, lè sa a desizyon yo pran nan odyans pwosedi jis la ap enpoze sou pwoblèm nan epi NYSED ap fè moun ki fè plent lan konnen desizyon an obligatwa. NYSED ap rezoud yon plent ki sipoze yon distri lekòl oswa yon lòt biwo piblik pa egzekite yon desizyon odyans pwosedi jis.
- NYSED ap revize tout enfòmasyon enpòtan yo epi y ap fè yon detèminasyon endepandan tankou si distri lekòl la oswa lòt ajans piblik la vyole yon kondisyon Pati B IDEA oswa lwa/règleman Eta a, epi yo dwe, si yo detèmine li dwe nesesè, fè yon ankèt endepandan souplas.

Eksplikasyon: Ranpli, siyen epi fè de (2) kopi fòm plent orijinal Eta a.

- Voye fòm plent orijinal Eta a ba NYSED, Office Special Education, 89 Washington Avenue, Room 309, Albany, NY 12234, Atansyon: Plent Eta.
- Voye yon kopi fòm plent Eta a ba distri lekòl k ap sèvi timoun nan anmenmtan ou fè plent la nan NYSED.
- Konsève yon kopi fòm plent Eta a pou dosye ou.

Yon dokiman ki gen kesyon ak repons ki bay eklèsisman sou pwosedi NYSED itilize yo nan ankè ak rezolisyon plent Eta a ki sipoze yon distri lekòl oswa yon ajans piblik te vyole lwa oswa règleman federal ak lwa oswa règleman Eta New York ki konsène elèv andikape disponib nan sitwèb <http://www.p12.nysed.gov/specialed/quality/complaintqa.htm>.

Modèl Fòm Plent Eta New York

Ou ka itilize modèl fòm ki anba la a pou fè yon Plent Eta a. Li pa obligatwa pou itilize modèl fòm sa a, men enfòmasyon ki gen asterisk (*) ki nan modèl fòm nan obligatwa dapre seksyon 300.153(b) Kòd Règleman Federal ak seksyon 200.5(l)(1) Règleman Manm Komisyon Edikasyon pou fè yon Plent Eta a. Ou ta dwe voye Plent Eta yo pa lapòs nan adrès: Office of Special Education, New York State Education Department, 89 Washington Avenue, Room 309, Albany, New York 12234.

Enfòmasyon pou Kontakte pou Plent lan (Moun ki Fè Plent lan)

Non Moun/Organizasyon ki fè plent lan:	Dat la:
Sa Moun nan ye pou Elèv la--Koche kaz pou Youn: <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Paran oswa Moun ki Gen Relasyon Paran an <input type="checkbox"/> Paran Ranplasan: <input type="checkbox"/> Avoka Paran <input type="checkbox"/> Reprèzantan Distri Lekòl/Ajans Eta <input type="checkbox"/> Lòt _____ 	
*Enfòmasyon pou Kontak pou Moun ki Fè Plent lan	
Adrès Postal:	Telefòn: _____ Lajounen: _____ Travay: _____
Ki pi bon lè pou kontakte ou (moun ki fè plent lan) epi nan ki nimewo telefòn?	

Enfòmasyon sou Elèv la (si ou sipoze gen yon vyolasyon ki fèt anrapò ak yon elèv espesyal)

*Non Timoun nan:	Dat Li Fèt:
*Adrès Kay Timoun nan (si li gen youn):	

*Non Lekòl Kote Timoun nan Ye:	
Non Distri Lekòl Kote Timoun nan Abite (si li diferan avèk lekòl kote timoun nan ye a):	
Adrès Lekòl Kote Timoun nan Ye:	

*Lòt Enfòmasyon pou Kontak pou Timoun oswa Jèn Moun ki Sanzabri (si yo disponib):	

Non Paran:	
Adrès Paran:	

Ou <u>dwe</u> siyen fòm sa a, si ou pa siyen li nou p ap kapab travay sou li epi n ap voye li tounen ba ou pou siyen li. <ul style="list-style-type: none"> • Depatman Edikasyon Eta New York ap aksepte sèlman plent fòmèl ki gen siyati ORIJINAL. Nou p ap aksepte Plent Eta a ou fakse oswa ou voye nan imèl. • *Moun ki fè plent lan dwe voye yon kopi Plent Eta a nan distri lekòl la oswa ajans piblik la kont moun plent lan fèt la anmenmtan li voye plent lan ba Depatman Edikasyon Eta New York. 	

***Siyati Moun Ki Fè Plent lan:** _____

Èske ou te voye plent sa a ba sipè-entandan distri lekòl la oswa ajans piblik ou sipoze ki vyole lwa oswa règleman edikasyon espesyal? Wi Non

Enfòmasyon sou Plent lan

Si ou gen plis pase yon pwoblèm nan plent lan, tanpri ranpli yon paj apa pou chak vyolasyon ou sipoze ki fèt nan lwa oswa règleman anrapò ak edikasyon timoun ki andikape.

*Enfòmasyon sou Akizasyon

Bay yon deklarasyon sou fason ou kwè distri lekòl la oswa ajans piblik la te vyole Pati B IDEA oswa yon lwa oswa règleman Eta a anrapò ak edikasyon elèv ki andikape. Ou pa bezwen konnen ki lwa oswa règleman espesyal moun te ka vyole a. Mete lòt paj, si li nesèsè. (Plent lan dwe sipoze yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon ane avan dat Leta resevwa plent lan.)

*Sou ki enfòmasyon deklarasyon akizasyon ki endike anwo a baze?

Si ou sipoze gen yon vyolasyon ki fèt anrapò ak yon elèv espesyal:

*1. Dekri kalite pwoblèm timoun nan (fason vyolasyon ou sipoze a te afekte elèv la) epi mete enfòmasyon ki konsène pwoblèm nan pou sipòte akizasyon an.

*2. Dekri yon rezolisyon ki pwopoze pou pwoblèm nan (sa ou kwè ki ta dwe fèt pou korije pwoblèm nan oswa fason distri a te kapab rezoud vyolasyon ki sipoze a) nan limit ou konnen epi ki disponib pou moman sa a. Mete lòt paj, si li nesèsè.

Yo rezoud pwoblèm nan kounye a nan yon odyans pwosedi jis san patipri.

Wi Non